4. Ушбу ҳадисни Имом Абу Довуд “Адаб” номли китобларига 4840 рақами билан, Ибн Можжа “Никоҳ” номли китобларига 1894 рақами билан, Имом Аҳмад “Муснад” номли китобларининг иккинчи жузига 359 рақами билан киритганлар.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола Қуръон илмига оид. Унда “Басмала”нинг тафсири ҳақида сўз юритилади. Шу билан бирга унинг фазилати ҳақидаги маълумотлар келтирилган. Маълумотлар ишончли манбалардан олинган. Турли ривоятлар қиёсланган.

**РЕЗЮМЕ**

Эта статья посвящена науке о Коране. В нём рассматривается интерпретация «басмалы». В том числе даётся информация о качествах «басмалы». Данные получены из надёжных источников. Сравниваются разные повествования.

**SUMMARY**

This article is about the science of Kur'an. It deals with the interpretation of Basmala. However, information about its quality is given. Data are obtained from reliable sources. Different narrations are compared.

## ТЕАТР – МӘНАЎИЙ ДҮНЬЯМЫЗДЫ ТӘРБИЯЛАЎ ҚУРАЛЫ СЫПАТЫНДА

**Қ.Б.Юсупов** – *еркин излениўши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** труппа, қорақалпоқ маданияти тарихи, театр, янги даврга мос фалсафий қарашлар.
**Ключевые слова:** труппа, история каракалпакской культуры, театр, философские мысли нового периода.
**Key words:** troupe, history of Karakalpak art, theater, philosophical thoughts of a new period.

*Бизлердиң ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы тарийхымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы ата-бабаларымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын теңи жоқ байлықларымыз бар. Несип қылса, ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы келешегимиз, уллы әдебиятымыз ҳәм көркем өнеримиз де, әлбетте, болады, деп исенемен.*

***Ш.М.Мирзиёев, Өзбекстан Республикасы Президенти***

Инсаният өзиниң тарийхый-диалектикалық раўажланыўы басқышларында эпиўайы санадан қурамалы ойлаў дәрежесине өтти. Мине, усы көп мыңлаған жылларды қамтыған қурамалы раўажланыўдың жуўмағында, адамзат өзин қоршаған орталықтан, ҳәдийсе ҳәм қубылыслардан эстетикалық заўықланыў, тәсир алыў пазыйлетине ийе болды. Анығырақ қылып айтқанда, дүнья жүзлик мәдeнийат тарийхында өмир қублысларының нәзик ҳәм рәңбәрең сырлары менен таныстыратуғын әжайып көркем өнер пайда болды. Көркем өнер өмир қубылысларын көркем сәўлелендириўде бир қанша тараўларды қәлиплестирди: *Архитектура* (саўлат) өнери, *Скульптура* (мүсиншилик) өнери, *Живопись* (сүўретлеў) өнери, *Музыка* (саз) өнери ҳәм т.б. Мине усылар менен бир қатарда оғада қурамалы ҳәм тилсимли «Көркем өнердиң ең жоқары түри – әдебият» [1:5-66] - «*сөз өнери*» [2:9] де пайда болды ҳәм әсирлер даўамында адамзаттың саналы өмир кешириў дәўиринен баслап тап бүгинге шекем өзиниң өсиў аңғарын кеңейтип, толықтырып киятыр.

Әзелден жақсылыққа ҳәм эстетикалық гөззаллыққа жаны қумар қарақалпақ халқының қәлбинен орын алған көркем өнер өтмиш тарийхымызда ҳәм бүгинги күнде де айрықша орынға ийе тәрбия мектебиниң бири болғанлығы анық. Халқымыз өтмиште илим ҳәм билим сырларын ийелеўи менен бирге көркем өнердиң ҳәр қыйлы тараўлары менен шуғылланып келди.

«Егер, еки адам сәўбетлесип, үшинши адам оны тыңласа, мине усының өзи-театр», – деген еди польшалы актёр Густав Холоубек. Дүньядағы барлық халықлар ҳәм миллетлер сыяқлы қарақалпақ халқының да әсирлер даўамында қәлиплескен ҳәм әўладтан-әўладқа өтип киятырған дәстүрлери ҳәм үрп-әдетлери оғада бай руўхый мийрас сыпатында мәнаўий тарийхымызда өшпес из қалдырған және халық аўыз-еки дөретпелериниң дүрданаларында, ҳәр түрли мәресимлерде, қыз-жигитлердиң бәзимлеринде, балалар ойынларында сақланып қалған.

Той ҳәм басқа да мәресимлерде дәстанларды атқарған жыраў-бақсыларда актёрлық шеберликтиң, «қудалық», «ел қәде», «қыз узатыў», «беташар», «бесик тойы», «тусаў кесиў» мәресимлеринде, «Аға бий» және басқа да дәстүрий халық ойынларында ҳақыйқый театрласқан тамашалардың көриниси, анығырағы эпизодлары жарқын сәўлелендирилген. Халық дәстанларындағы синкритлик сыпаттың орын алыўы, халық қәлбинде сахналық көринислердиң раўажланыўына түртки болды, десек қәтелеспеймиз. Мине, усы орында халқымыздың жақын өтмишинде, анығырағы, ХХ әсирдиң биринши ярымында өзиниң дәслепки адымларын атқан театр өнери, «Таң нуры» труппасының шөлкемлестирилиўи бизиң бул пикиримизди тастыйықлайды.

1920-жылларда бурынғы аўқамның барлық орынларында болғанындай, Қарақалпақстанда да театр өнерин қәлиплестириўге айрықша дыққат қаратылып, ҳәр түрли мәдений-ағартыўшылық шөлкемлер, театр-концерт топарларын шөлкемлестириў жумыслары басланды.

Қарақалпақстан автоном областы Атқарыў комитетиниң 1926-жыл 11- апрельдеги *«Қарақалпақ миллий драма труппасын шөлкемлестириў ҳаққында»*ғы арнаўлы қарары менен «Таң нуры» Қарақалпақ миллий театр труппасы шөлкемлестирилип, оның көркемлик жақтан басшысы лаўазымына Төрткүл қаласындағы педагогикалық техникумның оқытыўшысы З.Ф.Қасымов белгиленеди.

Труппа ағзалары 13 адамнан ибарат болып, олар – Ж.Аймурзаев, А.Матьякубов, Г.Убайдуллаев, М.Матжанов, Ж.Сейтова, Қ.Бекмуратова, М.Темирханова, П.Саекеева, Т.Исметуллаева, Қ.Алланиязов, Б.Сейтов, Ж.Пирназаров, О.Төремуратовлардан ибарат болған. Бул инсанлар «Таң нуры» труппасының, бүгинги қарақалпақ театрының туңғыш қарлығашлары сыпатында тарийх бетлеринде мәңги қалды.

1926-жылы 8-ноябрьде Қасым Әўезовтың «Тилек жолында» атамасындағы 4 картиналы тарийхый драмасы менен «Таң нуры» труппасының биринши пердеси салтанатлы ашылды. Қарақалпақ миллий театры тарийхының жылнамасы, мине, усы күннен басланды.

1927 – жылы З.Қасымовтың өзиниң тийкарғы жумысына қайтыўы себепли труппаға Әбдираман Өтепов басшылық етип баслады.

Бул жылларда труппа ағзаларының саны әдеўир көбейди, труппа репертуары М.Орайди, К.Тикчурин, С.Абдулла, Ҳамза, сондай-ақ, жергиликли авторлардан С.Мажитов, Ә.Өтепов, Қ.Әўезов, А.Бегимов, А.Матякубов, М.Дәрибаев, Т.Сейтмамутовлардың жаңа дөретпелери менен толықтырылды.

1930-жылларда «Таң нуры» труппасы республикамыздың барлық аўылларында, қалаларында

сапарда болып, театр өнерин пүткил халқымызға көрсете алды. Нәтийжеде елимизде биринши Қарақалпақ мәмлекетлик театрын шөлкемлестириўге тийкар салды. Бунда усы миллий труппада ҳәм директор, ҳәм режиссёр, ҳәм артист, ҳәм сазенде, ҳәм қосықшы және драматург ўазыйпаларын атқарған Әбдираман Өтеповтың пидайы мийнетлери айрықша орын тутады. Әлбетте, бул дәўирде режиссёрлық жумыстың усыллары жетерли емес еди.

Сахналастырылған пьесалар суфлёр жәрдеминде атқарылып, спектакльлерге арнаўлы декорация, жақты бериў үскенелери, реквизитлер, бутафория ҳәм басқа компонентлер исленбеген еди. Себеби, бундай спектакль безеўлери ол дәўирде миллий театрымыз дәстүрлеринен орын алмаған еди. Ҳәтте, кешки спектакль ҳәм концертлердиң койылыўы ҳаққында жаршылар, сырнай-карнайлар жәрдеминде халыққа дағаза етилип жәрияланған. Районларда кешки спектакльлер ушын зәрүр әсбап-үскенелер, безеў буйымлары, бас кийим, аяқ кийимлер сол жердеги халықтан жыйнап алынып, сахнада пайдаланылған.

Ол дәўирлерде режиссёрлар актёрларға роль бөлистириў, суфлёр жәрдеминде сахнада пьесадағы сөзлерди айтып, тамашагөйлерге еситтириў сыяқлы әпиўайы көрсетпелер бериў менен ғана шекленген.

Декорация безеўлери арқалы дәўирдиң өзине тән белгилерди, адамлардың турмыс шараятын, күн, пасыл, мәкан, мәўсим өзгешеликлерин сәўлелендириў сиякլы сахналық қағыйдалар болмаған. Сахна ушын арнаўлы кийимлер, безениў буйымлары, қурал-жарақлар натурал характерге ийе болып, иллюстрацион мазмунды аңлатқан.

Мине, бул ҳалат қарақалпақ театр өнериниң жаңа қәдем қойып, аяққа турыў процесин көрсетеди ҳәм бул еле профессионал тәриздеги театр өнерине жетиў жолындағы дәслепки дәўир ҳақыйқатлығын аңлатады.

Пьеса мазмунына, персонажлардың аўҳалына байланысы болмаған қосықлар атқарылып, музыкалар берилген. Миллий дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлерге сәйкеслестириў ҳәм басқа сахналық талап және тәртиплерге жетерли дыққат берилмеген. 1930-жылдан баслап театр искерлигиндеги бундай сахналық кемшиликлер сапластырылып басланды. Сол жылы декабрьде «Таң нуры» труппасының шеңберинде Қарақалпақ мәмлекетлик миллий театры шөлкемлестирилди ҳәм бул қубылыс профессионал театр басқышына өтиўге тийкар жаратты.

1927-1930-жыллар Қарақалпақстанда театр көркем өнериниң қәлиплесиўиниң жуўмақлаўшы басқышы есапланады. Усы орында айтып өтетуғын және бир социаллық ҳалат соннан ибарат, яғный халық арасындағы бундай жаңа қубылыс – бурын болмаған театрды тамаша етиў ел ишинде дәўирге толық сай келе бермеген жаңаша түсиниктеги жәмийетлик ойды, сананы және қарым-қатнас қәделерин пайда етти. Ел арасында театрдың, көркем өнердиң халық ишинде тәсир етиў шеңбери кеңейди ҳәм халық массасы арасында жаңа мәдений қарым-қатнас формасы пайда болды. Театр (ең дәслепки әпиўайы мәниде) тамаша етиўге келген халық массасы бурынғы тойға келгендей әпиўайылығын жыйнақлаўға бет бурды, театрға келгенлер таза кийимде келиў, белгили дәрежеде көпшилик арасында өзин услап-тутыўдың жаңа усылларына өтип баслады. Бул, өз гезегинде, халықтың мәдениятының ҳәм жәмийетлик санасының әпиўайыдан қурамалыға өтиўин тәмийинледи. Феодализм жәмийетлик системасынан капитализмниң толық қәделерин сақламай сол дәўирдеги соцреализмниң (мәдeният тараўында) системасына өтиўдиң белгилери сезилди.

Театр сахнасында қойылған дөретпелердиң мазмуны ҳәм идеясы тамашагөйлерди тәрбиялаўшы күшке айланып баслады. Яғный бурынлары тойлардағы, ҳәр қыйлы байрам салтанатларындағы қыз-жигитлер айтысы, жыраў ҳәм бақсылардың дәстанлар, халық қосықларын атқарыў көринислерине, қыссаханлық өнерине, дерлик, уқсамайтуғын инсанға жаңа тәсир етиў қуралы болған театр пүткил жәмийетшиликте жаңа жәмийетлик мазмунға ийе формасы материаллық, бирақ мазмуны адам сезимин раўажландыратуғын қурал болды.

Демек театр, соның ишинде, «Таң нуры» труппасы XX әсирдиң биринши ярымында жаңа жәмийетлик система менен бирге қарақалпақлар арасына орналасып, дәўирге сай руўхый дүньяны қурамаластырған, адамларды мәдений кәмилликке жетелеген мектеп болды, десек қәтелеспеймиз.

Театр өзи шөлкемлескен дәўирден баслап халқымыздың мәнаўиятын жоқары шеклерге көтерди, миллий халықшыл қәдириятларымызды, салт-дәстүр ҳәм үрп-әдетлеримизди сахнада көрсетип бере алды. Театрдың қайсы дәўирдеги искерлигине нәзер салсақ та, дөретиўши жәмәәт халыққа пидайы және қалыс хызмет қылыўдай салтанатлы ўазыйпаны орынлап, актёрларымыздың дәўирге сай жаңа усыллардағы атқарыў шеберлиги ҳәм уқыпларының үзликсиз раўажланып киятырғанына гүўа боламыз.

Дәслепки шөлкемлестирилген дәўирден баслап-ақ бул уллы дәргайда дөретиўшилик пенен шуғылланған устаз-актёр ҳәм актрисалардың ең аўыр және машақатлы жылларда да республикамиздың узақ аўылларындағы гастрол сапарларындағы хызметлери, атқарған концерт ҳәм спектакллери халқымыз ядында мәңги сақланады, деп исенимли айта аламыз. Себеби «Таң нуры» труппасы, соңғылығындағы бүгинги академиялық театр қарақалпақ халқын дүнья мәдениятына алып шығыўға себепши болған, дүньялық мәдeният пенен елди таныстырған руўхый-мәнаўий тәрбия мектеплериниң ең алдыңғыларынан бири болды, десек асыра айтқан болмаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Белинский В .Г. Собр. Соч. в трех томах. Том II, -Москва: 1948. -С. 5-66.
2. Қабдолов З . Сөз өнери. –Алматы: «Мектеп», 1982. 9-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ театрининг шаклланиш даври ва ундаги ўзига хос хусусиятлар ҳақида, миллий театрнинг ривожланиши халқнинг янги маданий қарашларининг пайдо бўлишига сабаб бўлиши ҳақида илмий-тарихий-фалсафий фикрлар талқин қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается период формирования каракалпакского театра и его особенности, научно-историко-философские взгляды на развитие национального театра, которые привели к появлению новых культурных воззрений народа.

**SUMMARY**

The article discusses the period of formation of the Karakalpak theater and its peculiarities, scientific-historical-philosophical views on the development of the national theater, which led to the emergence of new cultural views of the people.